

ABSTRAK

Silvia Nur Azizah. (2022). *Pengaruh Modél Pangajaran Discovery Berbantuan GeoGebra kana Kamampuh Maham Konsép Matematika jeung Self-Regulated Learning Siswa SMA.*

Kamampuh maham konsép matematik jeung self-regulated learning mangrupa hal anu penting anu kudu dipiboga ku peserta didik. Salah sahiji alternatif modél pangajaran anu bisa mantuan mekarkeun pamahaman peserta didik kana konsép-konsép matematik jeung self-regulated learning nya éta modél pangajaran discovery berbantuan GeoGebra. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun: (1) mikanyaho naha ngaronjatna kamampuh maham konsép matematik peserta didik anu narima modél pangajaran discovery berbantuan GeoGebra leuwih luhur batan siswa anu narima modél pangajaran konvensional; (2) pikeun mikanyaho naha préstasi self-regulated learning peserta didik anu narima modél pangajaran discovery berbantuan GeoGebra leuwih hadé batan peserta didik anu narima modél pangajaran konvensional; (3) mikanyaho korélasi antara kamampuh maham konsép matematik jeung self-regulated learning peserta didik anu meunangkeun modél discovery learning dibantuan ku GeoGebra. Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén kalawan desain pretest-posttest control group design. Subjek dina ieu panalungtikan nya éta peserta didik kelas XI SMA Negeri 1 Patokbeusi taun ajaran 2021/2022. Sedengkeun objék dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maham konsép-konsép matematik jeung diajar mandiri. Pikeun sampel panalungtikan dicokot dua kelas, nya éta kelas XI IPA 4 salaku kelas ékspérimén kalawan perlakuan model discovery learning dibantuan ku GeoGebra jeung kelas XI IPA 3 salaku kelas kontrol jeung perlakuan model konvensional dina hal ieu model discovery learning. Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina wangun tés déskripsi kamampuh maham konsép matematika jeung skala angkét diajar mandiri. Data anu dikumpulkeun diolah ngagunakeun software SPSS Statistics 17.0 for windows. Dumasar kana hasil panalungtikan, nya éta: (1) ngaronjatna kamampuh maham konsép matematik peserta didik anu narima modél discovery learning berbantuan GeoGebra leuwih luhur batan peserta didik anu narima modél pangajaran konvensional; (2) Self-regulated learning peserta didik anu narima modél discovery learning berbantuan GeoGebra leuwih hadé batan peserta didik anu narima modél pangajaran konvensional; (3) Aya korélasi antara kamampuh maham konsép matematik jeung self-regulated learning anu meunangkuen modél discovery learning berbantuan GeoGebra.

Kata Kunci: GeoGebra, Kamampuh Maham Konsep Matematika, Model Discovery Learning, Self-Regulated Learning.